Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 28 MILYON DOLA POU PWOJÈ LWAZI AK PREZÈVASYON ISTORIK YO

Finansman atravè Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la

Fon Pwoteksyon Anviwònmantal pou sipòte 72 pwojè; Pwogram santye pou lwazi pou sipòte 15 pwojè

N ap jwenn lis aktyèl benefisyè REDC yo isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo prim atravè Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la ak 26.6 milyon dola yo akòde atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EFP) eta a finanse pou sipòte 72 pwojè ak 2.4 milyon dola nan Pwogram Santye pou Lwazi ki finanse nan nivo federal pou 15 pwojè.

"Inisyativ sa yo plante nouvo semans pou kwasans, ede kominote atravè Eta New York reyalize nouvo potansyèl kit sa vle di atire nouvo vizitè, solidifye moniman enpòtan oswa nouvo envestisman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo angaje nan kwasans, restorasyon ak vyabilite ekonomik".

"Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la gen pou wè ak konstwi yon Eta New York ki pi solid", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo te deklare.** "Nou konte sou minisipalite nou yo ak òganizasyon san bi likratif yo pou travay ansanm pou idantifye bezwen yo ak priyorite rejyonal yo enkli pak ak zòn istorik yo epi asire yo gen resous ki nesesè pou atenn objektif yo. Felisitasyon ak benefisyè sa yo ki soti nan 43 konte atravè Empire State la".

Sibvansyon ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònman (EPF) an sipòte 72 pwojè ki gen ladan amelyorasyon pak, amelyorasyon zòn eritaj ak pwojè prezèvasyon istorik. Sibvansyon pou Pwogram Santye pou Lwazi (RTP) a sipòte 15 pwojè. RTP a se yon pwogram asistans avèk Administrasyon Otowout Federal Depatman Transpò Etazini an. Nan Eta New York, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) ap administre EPF ak RTP.

Pwogram Sibvansyon Fon Pwoteksyon Anviwònman (EPF) pou Pak, Zòn Eritaj ak Prezèvasyon an sipòte sibvansyon kontrepati pou akizisyon, planifikasyon, devlopman ak amelyorasyon pak, pwopriyete istorik, ak zòn eritaj ki sitiye nan New York. Yo bay fon yo pou minisipalite oswa òganizasyon san bi likratif yo ki gen yon dwa pwopriyete.

Pwogram Sibvansyon RTP a sipòte sibvansyon kontrepati pou devlope ak kenbe santye pou lwazi ak enstalasyon ki gen rapò ak santye pou itilizasyon santye pou veyikil a motè ak sa ki pa a motè. Yo bay fon yo pou minisipalite oswa òganizasyon san bi likratif yo ki gen yon dwa pwopriyete.

Pwosesis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè nan rejyon an nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Konsèy Rejyonal yo te revize pwojè yo nan pwogram sa yo epi yo bay te nòt ki reflete ki jan yon pwojè an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon. Aplikan yo te itilize Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) New York la, ki se sèl aplikasyon eta a pou resous eta a yo, ki gen ladan pwogram pou plizyè ajans. Li fèt pou bay aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn pwogram ki egziste deja. Ou ka jwenn yon lis konplè prim Faz XIII yo ki te fèt isit la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Èd REDC gide envestisman estratejik Eta New York atravè konesans pwofon yo sou rejyon yo ak resous yo. Prim sa yo pral amelyore eksperyans pou rezidan yo ak vizitè yo nan sit eritaj istorik New York yo epi ankouraje bote espas deyò nou yo".

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Erik Kulleseid, te deklare, "Sa a se nimewo chans 13 sibvansyon REDC ki ede konstwi sou objektif anviwònman yo, selebre divèsite ak amelyore vitalite ekonomik atravè Eta New York. Nou pa ka tann pou nou travay ak moun k ap resevwa sibvansyon yo pou fè pwojè enteresan sa vin yon reyalite".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Soti nan Buffalo rive nan Niagara Falls ak lòt kote, Gouvènè Hochul ap envesti nan destinasyon kiltirèl, istorik, lwazi ak kominote rejyon Lwès New York. Angajman sa yo pral anrichi ekonomi rejyonal la ak eksperyans rezidan yo, travayè yo ak vizitè yo nan Lwès New York".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pak, santye, ak sit istorik nou yo jwe yon wòl kle nan konekte nou tout odela distans, kwayans ak tan. Mwen kontan wè pwojè sa yo rive nan Saratoga ak atravè New York. Mwen espere kontinye travay mwen nan nivo federal pou envesti nan pwojè ki selebre fòs eta nou an, ki mennen ekonomi rejyonal nou an, epi ki pote kominote nou yo ansanm".

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Soti nan seksyon ki pi ansyen nan Santye Appalachian lan rive nan chemen Prezidan Franklin Roosevelt te fè nan Hyde Park, Hudson Valley se lakay kèk nan kote ki pi pwolifik ak panoramik nan nasyon nou an.

Mèsi Gouvènè Hochul pou envestisman monimantal sa a nan prezève sit istorik nou yo ak peyizaj primitif pou jenerasyon k ap vini yo".

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide
Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA (Consolidated Funding Application) a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen antre pou jwenn aksè ak finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA isit la.

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo
Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenant nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York envesti nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou regionalcouncils.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU